Kukaba nkako, muntumbero yokwegeranya neza amakori biciye mubuhinga bwa none ikigo kijejwe kwegeranya amakori n'amatagisi ya Reta OBR gishigikiwe n'Ubushikiranangaji bw'ikigega ca reta n'ubutunzi bukomoka ku buhinga bwa none cafasheko ikoreshwa ry'akamashini gatanga inyemezabuguzi ari ntangere mubijanye n'itangwa ry'amakori n'amatagisi nacanecane kubahabwa amasoko ya reta.

Hakaba ari muri iyo mbono hasohotse itegeko nshikiranangaji nomero 540/207 ryo kuwa

30 Mukakaro 2025 rishira mungiro ingingo ya 234 iri mw'Ibwirizwa rigenga amafaranga Reta iriko irakoresha muri uyu mwaka w'amafaranga w'i 2025 ushira uw'2026.

Iryo naryo rigahamagarira abakoresha uburyo bw'igihugu mubisata vyose vya reta gutanga amasoko kubatangakori bakoresha ako kamashini gatanga inyemezabuguzi kemewe n'ikigo OBR kugira ibisata vya reta bibe akarorero mukwubahiriza iyo ngingo.


Hakaba harabaye amanama ahuza ikigo OBR n'abatwara ibisata bitandukanye bikoresha amafaranga ya Reta muntumbero yugusigurirwa ibiri muriyo ngingo biheze bije mungiro.

Muri iki kinyamakuru turasubira kwibutsa abatangakori amategeko ajanye n'amakori n'amatagisi batozwa kugira ntihagire abagwa mubihano bivuye kukutamenya. Iki-go OBR kikabipfuriza umwaka w'amagara meza nokuroranjirwa mumirimo y'iterambere.

Uruganda



ABATANGAKORI UMWIMBU WABO URENZA IMIRIYONI 25 KU MWAKA BAHAMAGARIRWA GUKORESHA KA KAMASHINI GASOHORA FAGITIRE KU BUHINGA NGURUKANABUMENYI.



Isekeza ribahamagarira uwo mugambi ryatanguye ku wa 28.08.2025 rishika ku wa 5.09.2025. Ibituro bitanu nivy vyahiswemwo kugira vyakire abatangakori mu nyigisho zijanye n'ikoreshwa ry'ako kamashini. Ivyo navyo akaba ari Bujumbura, Gitega, Rumonge, Muyinga na Ngozi. I Bujumbura, ibibanza vyategekanijwe kwigishirizwamwo akaba ari Centre Culturel Islamique, Ceprodilic hamwe n'ikibanza c'ama nama co kuri paroisse Saint Augustin mu Buyenzi. I Gitega, inyigisho zikabera kw'ihoteri le Palmeraie. Mu Rumonge, n'aho bita Centre Communautaire hama i Muyinga naho, aho bita Ishimwe Hôtel.

Mu kiganiro n'abamenyeshamakuru co kuwa kabiri itariki 02.09.2025, komiseri mfatakibanza ajejwe amakori yo hagati mu gihugu, Ferdinand NITUNGA, yavuze ko icatumye bahamagara abo batangakori murizo nyigisho aruko bari babisavye kuko hariho abataramenya gukoresha ako kamashini. Ikindi yamenyesheje, nuko ama biro yose ya OBR ari hagati mu gihugu yama yuguruye kuri uwo wese yoba yipfuzwa kwiga kw'ikoreshwa ry'ako kamashini.



Umukozi w'ikigo OBR yigisha ikoreshwa ry'akamashini gatanga inyemezabuguzi

Muri make, umuzo w'ako kamashini akaba ari gukuraho burundu impari zamyeye zaduka hagati y'abatangakori hamwe n'ikigo OBR kubera gafasha mu gushira ku mugaragaro ibiharauro mw'irihwa ry'amakori n'amatagisi. Iciza c'ako kamashini akaba aruko iyo gasohoye inyemezabuguzi ariyo fagitire aruko ku buhinga ngurukanabumenyi ica ishikira ubutarariye ikigo OBR mu mamashini yaco.



Hagati, Komiseri mfatakibanza ajejwe amakori yo hagati mugihugu atanga ikiganiro

Abahingura amavuta ava mu bigazi bo muma komine ya Bubanza na Mpanda barigishijwe ibiri mw'itegeko rigenga amafaranga Leta ikoresha

Ikigo kijejwe kwegeranya amakori n'amatagisi OBR caratunganije inama kuwa 9 Nyakanga 2025 ku batangakori bakorera mu gisata co guhingura amavuta ava mu bigazi bo muma komine ya Bubanza na

Mpanda. Intumbero kwari ukubamenyesha amategeko agenga ico gisata nkuko biri mw'itegeko rigenga amafaranga Leta ikoresha mu mwaka 2025-2026



Tuva i Bubamfu tuja iburyo: Diogène Mugabonihera, Amina Ndayishimiye et Pierre Ndayiragije bose n'abahinga mu kigo OBR

Ingingo 112 y'itegeko rigenga amafaranga Leta ikoresha ivuga ko umutangakori akorera mu gisata co guhingura amavuta ava mu bigazi atanga amafaranga ibihumbi amajana atatu (300 000 BIF) kugirango aronke uruhusha rwo kwemererwa gushinga ihinguriro rito rikora amavuta y'ibigazi.

Amafanga angana n'ibihumbi amajana abiri (200 000 BIF) nayo arihwa kumwaka kugirango umutangakori ahabwe uburenganzira bwo kwemererwa gukora ku mahinguriro matomato, amahinguriro abayabaye ariha ibihumbi amajana atanu (500 000 BIF) aho ni mu gihe amahinguriro ateye imbere yo ariha umuriyoni (1 000 000 BIF) kugirango ahabwe ubwo burenganzira.



Bamwe mu batangakori bari bitavye iyo nama

Ayo mafaranga rero atozwa n'ikigo OBR biciye kw'ishirahamwe risanzwe rikurikirana ivy'ibigazi OHP. Ku bijanye n'amafaranga 2% atwoza ku kiguzi c'amavuta y'ibigazi adandajwe naho nyene ayo mahera atozwa n'ikigo OBR giciye kuri OHP iyo nayo igaca itanga icemeza yuko iryo kori ryarishwe. Naho biruko abatangakori b'i Bubanza bipfuzaza kuriha ikori ridacye mu kigo OHP kuko ngo bafise ivyo badahurizako niryo shirahamwe.



Umutangakori ariko arabaza ikibazo

« Itegeko riratomoye kandi ritegerezwa kwubahirizwa n'abantu bose ; ugutanga amakori n'amatagisi birisunga amafaranga umutangakori aba yinjije bisi

gura ko abafise umwimbu minini bariha ikori rijanye abafise umwimbu ubayabaye nabo gutyo nyene» ; Ivyo vyasiguwe na Amina Nshimirimana akorera ikigo OBR. Yariko yishura ku kibazo cuko abahingura amavuta ava mu bigazi b'i Bubanza bobwirizwa kuriha amakori n'amatigisi makeyi ugereranije nabo

mu rumonge kuko ngo bo bakoresha ubuhinga bubayabaye kandi ko atambuto za kijambere baronswa.



Ishusho yerekana abari mu nama

Mugihe hakiraho abatari bake bagikorera mu gifuri, barigishijwe ku kungene bokwiyandikisha kugirango baronke ibibaranga nk'abadandaza kuko abahingura amavuta mu bigazi co kimwe n'abandi badandaza bategerewa kuba bafise inomero ndangamutangakori NIF n'igitabo ndangamudandaza gutyo bashobore gukora bisunga amategeko. Ivyo bikaba vyigishijwe na Diogène Mugabonihera akorera ikigo

OBR. Yabandanije abibutsa yuko uwufise iyengero ry'amavuta ku rugero rugereranye akaba atabifiye uburenganzira ahanishwa ihadabu ry'imiryoni zitatu (3 000 000 BIF) hejuru y'iryo hadabu agaca yugarirwa mugihe basanze adakwije ibisabwa.

Abatangakori bu muri Zone Murwi Komine Cibitoke basaba kugirishwa amanama menshi kubijanye n'amakori n'amatagisi.

Kw'igenekerezo rya 10 Nyakanga 2025, Iki-go OBR caragendeye abatangakori bo muri Zone Murwi Komine Cibitoke mu Ntara ya Bujumbura.

Intumbero nyamukuru ikaba kwari kumenyesha abari munama bishasha biri mw'ibwirizwa Ngarukamwaka rigenga amafaranga Reta y'Uburundi iriko irakoresha muri uno mwaka w'amafaranga w'2025-2026. Muri iyo nama bakaba bashimikiye canecane kukwijukira gukoresha akamshine gatanga inyemezabuguzi kemewe

n'ikigo OBR hamwe no kumanika ahabona impusha zogukora kubafise ubunywero, uburiro n'uburaro.

Willy Citeretse ajejwe inyigisho kubatangakori mu Kigo OBR yaboneyeho akaryo ko kumenyesha abatangakori bo murako karere ko hisunzwe ibwirizwa rishasha ko kubamenyesha bakariha amakori kumezi atatu kuva ubu bagwiza na rimwe kw'ijana (1%) bagategerezwa kuba bafise inomeru ndangam dandaza k'umuntu wese akora umurimo utanga inyungu y'amafaranga n'ikoreshwa ry'akamashini gatanga inyemezabuguzi hatibagiwe n'ibihano kubatavyubahirije



Willy Citeretse ajejwe inyigisho kubatangakori mu kigo OBR.

Zadig Rungano ajejwe amatagisi yo hagati mu gihugu mu karere k'uburengerero mu nyigisho yatanze yashimikiye canecane kugutanga inyemezabuguzi yemewe na OBR kukintu cose kidandajwe ataraho naho uwutavyubahirije akarihishwa amande y'ibice 20 kw'ijana y'ikiguzi cico kidandazwa nuko biri mu ngingo ya 234 y'ibwirizwa rigenga amafaranga reta y'Uburundi iriko irakoresha muri uno mwaka w'amafaranga w'2025 ushira uw'2026.



Zadig Rungano ajejwe amakori yohagati mu gihugu mu karere k'uburengerero mu kigo OBR

Abatangalori bari muri iyo nama bararonse akaryo ko kubaza ibibazo bitari bike. Bakaba nahagaze canecane kw'itandukanirizo riri hagati y'amakori atozwa na komine hamwe n'ayatangwa mu kigo

OBR. Kabaye n'akaryo kogusaba ikigo OBR kugwiya ayo manama kugira bamenye amategeko ntabwo abaza bisanga mubihano bivuye kukutamenya.



Isanamu y'abari mu nama

Abatangakori bo muri Komine Cibitoke bahamagarirwa gukurikiza amategeko mugutanga inyemezabuguzi yemewe n'ikigo OBR kukintu cose kidandajwe.

« Ingingo y'146 y'ibwirizwa rigenga amafaranga Reta y'Uburundi iriko irakoresha muri uyu mwaka w'amafaranga w' »2025-2026 itegeka ko ikidandajwe cose kidandajwe uko kingana kwose giteregezwa kugira inyemezabuguzi yemewe n'ikigo OBR. »

Bivugwa na Zadig Rungano ajejwe amatagisi yohagati mugihugu mu karere k'Uburengerero.

Hari mukiganiro coguhanahana ivyiyumviro catunganyijwe n'ikigo OBR kuwa 11 Nyakanga 2025 kubatangakori bo muri Komine Cibitoke y'Intara ya Bujumbura ? Zadig Rungano yaranibukije ko ari itegeko kugira inomeru ndangamutangakori n'igitabo ndangamudandaza k'umurimo wose utanga inyungu z'amafaranga mumisi 15 kuva aho ico gikorwa gitanguriye. Anongerako ko « kumenyeshya umwimbu wavuye murudandaza vyavuye kubice 0.3 kw'ijana bija kubice 1 kw'ijana nkuko biri mw'ibwirizwa rishasha. »



Mitterrand Ndayikengurukiye, umunyamabanga nshingwabikorwa muri Komine Cibitoke

« Akamaro k'izi nyigisho, ni uguhimiriza abatangakori kugira ntibaze barafatirwa ibihano bivuye kukutamenya amategeko. »

Ni ibimenyeshwa na Willy Citeretse ajejwe inyigisho kubatangakori mu Kigo OBR.

Yisunze ingingo y'233 y'Ibwirizwa rigenga amafaranga Reta iriko irakorsha, Willy Citeretse aributsa abatangakori bafise umutahe ushika canke urenga imiriyoni 25 ko bategerezwa kugira akamashini gatanganga inyemezabuguzi.

Aha akamenyeshya n'akamaro ko gukoresha ako kamashini nkogushiramwo ibidandazwa vyose umudandaza aba yaranguye. Kakaba kagurwa 1500 000 y'amarundi mugihe arihiwe hamwe canke akariwa mu mice ni ukuvuga 500.000 kukwezi kukwezi gushika kumezi atatu. « Mugihe kagize ikibazo nukubimenyeshya Ikigo OBR mumisi itarenze itatu. Irenze itatu umutangakori atarabimenyeshya ahanishwa amande agera kumuriyoni. » Kubafise ubunywero, uburiro, n'amahoteri, Willy Citeretse yibutsako ari itegeko kumanika ahabona uruhusha rutanagwa n'ubushikiranjanji bujewe ubudandaji.



Umwe mubari munama abaza ikibazo

Mugusozera ivyo bikorwa, umunyamabanga nshingwabikorwa muri Komine Cibitoke Ndayiken-gurukiye Mitterand yari yaserukiye Musitante-ri wiyo komine, yashimikiye canecane kukamaro k'amakori n'amatagisi mw'iterambere ry'igihugu.

Agira ati : « Mugihe umenyeshyeje ko wadandaje ibiro 25 gusa vy'ibiharage mumezi atatu kandi wadandaje itoni zitanu, uba wihenze wewenye kuko amatagasi uriha arakugarukako biciye munyubako rusangi nko

kwubaka amabarabara n'ibitaro. » Ahamagarira abatangakori bakorera muriyo komine kurwanya forode nokuba akarorero mubijanye n'amakori n'amatagisi. Abatangakori bomumazone ya Mugina, Murwi na Rugombo bari murizo nyigisho barahawe akaryo kogushikiriza akababakiye mubijanye n'amakori n'amatagisi batozwa. Bakaba baratanze intererano aho basabako izo nyigisho zogwizwa nacanecane mugihe hatowe ibwirizwa rishasha rijanye n'amakori n'amatagisi.



Isanamu y'abari munyigisho

Ikigo OBR catanguje isekeza ryo gusuzuma imisi yose ikoreshe ry'akamashini gasohora inyemezabuguzi icye mu buhinga bwa none

Igenekerezo rya 15 Nyakanga 2025, Komiseri mukuru w'ikigo OBR Emmanuel Mbonihankuye yarishikiye kukivi muri quartier aziatique n'imicungararo y'ahahoze isoko nkuru ya Bujumbura mu ntumbero yo kwirabira ingene abatangakori

bariko barakorehse akamashini gasohora inyemezabuguzi icye mu buhinga bwa none. Muri urwo rugendo, yaracyiye mu bibanza vy'idandarizo bitandukanye harimwo n'ivyugawe vy'imfatakibanza kubera ukudakoresha neza akamashini gatan-gwa n'ikigo OBR nk'ukwo amategeko abibasaba.



Komiseri Mukuru w'ikigo OBR asuzuma inyemezabuguzi

Muri urwo rugendo, Komiseri mukuru w'ikigo OBR yariboneye ko abadandaza batari bake bagikwega amaguru mu kwijukira ikoreshe ry'ako ka mashini. Hari bamwe batagakoresha, abandi nabo bagakoresha ubuhinga bwabo burungika fagitire muri OBR, hakaba n'abandi batagakoresha imisi yose ku bidandazwa vyose, mugihe harimwo n'abasigura ko batazi ingene gakoreshe ariko batigeze babimenyesha ikigo OBR kugira baronswe inyigisho zihagije.

Ikindi kibi Komiseri yaneguye n'abadandaza batanga fagitire zitari zo bituritse ku kugabanya n'impaka ibiciro n'ibitigiri vy'ibidandazwa basohora.

Aha atanga akarorero nk'aho basanze inyemezabuguzi iriko imiriyoni zibiri yahawe umuguzi kandi biboneka ko ibidandazwayaratwayebigugwaimiriyonizababa 15.

Aha ahamagarira abatangakori kwikubita agashi bubahirize amategeko agenga amakori n'amatagisi.



Ibibanza vy'idandarizo vyugawe vy'imfatakibanza mukurindirako benevyo bitunganya

« Abatangakori bose badakurikiza amategeko bategerezwa gucibwa amahadabu ategekanijwe n'amategeko.

Nico gituma mubona hariho amazu y'idandarizo amwamwe yugarwa mu kurindira ko beneyo baza gutunganya ibijanye n'amakori n'amatagisi baheranye ».

Nivyo Komiseri mukuru yasiguye, yongerera yibutsa ko umuguzi ariwe wa mbere acibwa amahadabu kuko ariwe yemeye gutorera fagitire iriko ibiciro vyagabanijwe n'impaka .

Uwo afashwe acibwa amande y'ibice 20% ufatiye ku gaciro k'ibidandazwa bitatangiye inyemezabuguzi. Nayo umudandaza yafutanganiye n'impaka inyemezabuguzi acibwa ihafabu ry'ibice 100% ry'amafranga ari kwiyo fagitire nyene.

Mugihe naho amaze iminsi 2 canke itatu irenga adakoresheje ako kamashini acibwa amande y'imiriyoni zitanu.

Mu kugira babandanyi bahimiriza bonhere bahashye abatangakori bicisha inzehe mu kwanka gukoresha akamashini, Komiseri mukuru w'ikigo OBR yamenyesheje ko hariye guhabwa akazi abakozi bashasha bagera ku 240, murabo 140 bazokorera mu gisata c'amakori yohagati mugihgukugirabazokwame baza gusuzuma mu bibanza bitandukanye vy'idandarizo

abandi 100 bakorere mu gisata c'amaduwani. Mwomenya ko kuva hatangujwe ikoreshwa ry'akamashini gasohora inyemezabuguzi iciye mu buhinga bwa none , amakori yagiye arongerekanaukwo bukeye ukwo bwije. Basigura ko kugakoresha bituma ikigo OBR kimenya neza ingene abadandaza aribo batangakori bariko barakora, bikagabanya inyuruzwa ry'itagisi ku nyongeragaciro TVA. Ivyo rero vyatumye umwimbu wiyongera ku bice 150% ku muce umwumwe w'amakori n'amatagisi.

Inyemezabuguzi isohowe n'akamashini k'ubuhinga bwa none, niyo abakoresha amafaranga y'igihugu bose bategerezwa gusaba ababaronsa ibikoresho canke ababakorera ibikorwa

Urwego rwose rwa Leta rukoresha amafaranga ruhabwa n'igihugu gutegerezwa gusaba abaruronsa ibikoresho canke abarukorera ibikorwa, inyemezabuguzi isohowe n'akamashini k'ubuhinga bwa none, kemewe n'ikigo kijejwe kwegeranya amakori n'amatagisi OBR.

Ni muri icyo ntumbero ikigo OBR cakoranije ku musu wa kane igenekerezo rya 18 Nyakanga 2025, abarongoye intwari mu nzego za Leta zegukira intara ya Bujumbura kugira ngo baganire ku ntambanyi bijanye. Iyi ntara ya Bujumbura ikaba ihurikiyemwo intara za kera za Bujumbura, Bubanza, Cibitoke, be n'igice kimwe c'intara ya kera ya Rumonge.



Uva i bubamfu uja i buryo, Wilson Ndayirukiye ajejwe ikigega n'ugutegekanya imigambi mu ntara ya Bujumbura, Stany Ngendakumana umuvugizi w'Ikigo OBR na Justine Nizigiyimana, umuyobozi ajejwe abatangakori batobato n'abagereranye

Ihangiro nyamukuru ry'iryo hanahana ry'ivyiyumviro hagati y'Ikigo OBR n'abarongoye intwaro kubaba ari ugutera intege abatanga ibikoresho n'ibikorwa bitandukanye ngo babikore bisunze amategeko agenga amakori n'amatagisi.

Aho rero, « ni ngombwa ko inguvu zishirwa hamwe kugira ngo harwanywe abadandaza bakorera mu rufuri bohava batsindira amasoko kandi batubahiriza ivyo basabwa mu bijanye n'amakori n'amatagisi »; vyashikirijwe na Stany Ngendakumana, umuyobozi w'uguhanahana amakuru n'ugufasha abatangakori mu kigo OBR akaba n'umuvugizi w'ikigo OBR.

Yarongeye ati: uretse abatangakori batobato, ugukoresha akamashini k'ubuhinga bwa none ni itegeko ku batangakori bese kuva ku babayabaye, abagereranye na bakuru bakuru. Ati « mu bisanzwe kuri iyo mirwi y'abatangakori, nta ngorane zari zikwiye kurinda kubamwo mu gusohora bene iyo nyemezabuguzi, kuko basanzwe basabwa kuba batunze akamashini gasohora inyemezabuguzi mu buhinga bwa none ».

Iryo tegeko rihamagarira abakoresha amafaranga ya Leta bese gutegeka ababaronsa ibikoresho n'ababakorera ibikorwa gutanga inyemezabuguzi isohowe n'akamashini k'ubuhinga bwa none ritegekaniywe mu ngingo ya 234 y'ibwirizwa rigenga amafaranga Leta y'Uburundi iriko irisungwa, hamwe no mu ngingo ya kabiri y'itegeko nshikiranganji rijanye n'ishirwa mu ngiro ry'iryo Bwirizwa, « mu ntumbero yo gushira mu ngiro ingingo ya 234 y'ibwirizwa rigenga amafaranga Leta y'Uburundi ikoresha, uwutanze isoko wese ategerezwa, mu gihe co kugura ibikoresho canke co gukoresha ibikorwa, gutegeka uwubimuhaye canke uwubimukoreye, gutanga inyemezabuguzi iciye mu kamashini k'ubuhinga bwa none kugira ngo yirinde guhanwa nk'ukwo bitegekaniywe n'amategeko. Gutanga inyemezabuguzi idaciye mu kamashini k'ubuhinga bwa none mu bisata bije-

jwe irihwa bikaba bihanishwa ihadabu ringana n'amafaranga mirongo ibiri kw'ijana (20%) y'igicro kiri kuri iyo nyemezabuguzi ». Vyibukijwe na Lionel, ajejwe kwegeranya ku musi ku musi amakori n'amatagisi mu cigwa yatanze uwo musi.



Ishusho y'uruhande rumwe rw'abari bitavye iyo nama

Mu gihe rero Uburundi buherutse kugira intunganyo nshasha mu bijanye n'intwaro, aho igihugu cose kigizwe n'intara zitanu ari zo Bujumbura, Gitega, Butanyerera, Burunga na Buhumuza, bamwe mu barongoye intwaro baripfuye kumenya nimba n'intara bisaba ko igira inomeru ndangamutangakori (NIF) n'inomeru ndangamudandaza (Registre de Commerce) kugira ngo mu gihe bikenewe iyikoreshe kugira yitunganye mu bijanye n'amakori n'amatagisi. Justine Nizigiyimana, Umuyobozi ajejwe abatangakori batobato n'abagereranye yabishuye ati « Egome ». Araheza arabitomora ati « kuko inzego z'intwaro nk'intara n'akomine hari aho zirangura imirimo ituma zikorana n'ikigo kijejwe kwegeranya amakori n'amatagisi, nko kwinjiza ibikoresho bimwe bimwe ziguriye hanze y'igihugu ». Ku bari baramaze kwakira ibikoresho n'ibikorwa bahawe n'abadandaza badafise utwo tumashini dusohora inyemezabuguzi mu buhinga bwa none be n'abamaze kuriha bene izo nyemezabuguzi zidaciye mu buhinga bwa none kubera ko batari bwamenyeshwe ivyo bitegekaniywe n'ibwirizwa rigenga amafaranga Leta ikoresha bibategeka kutemera inyemezabuguzi idasohowe n'akamashini k'ubuhinga bwa none, « barashobora kuzokwegera Ikigo kijejwe kwegeranya amakori n'amatagisi bakigira hamwe ukwo bovyifatamwo », nk'ukwo bavyishuwe na Ngendakumana. Vyongeye « umuntu wese akoresha amafaranga ahabwa n'igihugu ategerezwa kwama buri musi akorana n'abamukurira mu ntwaro be n'abarongoye Ikigo Kijejwe kwegeranya amakori n'amatagisi. Inyabutatu OBR-Intwaro-Abatangakori ibwirizwa kwama itsimbatajwe ibihe vyose », babihanuwe na Wilson Ndayirukiye aserukira Intwaro mu Ntara ya Bujumbura. Ku biraba Ikigo OBR, « ntaco kitazokora ngo kibabe hafi » ; bavyijewe na Stany Ngendakumana asanzwe ari umuvugizi waco.

Ico amategeko avuga....

1. Ishigwaho ry'ikori ryo kumwaka kubidukikije:

ingingo y'109 y'ibwirizwa risubiwemwo rigenga amafaranga Reta iriko irakoresha muruyu mwaka w'amafaranga w'2025 ushira uw'2026.

Iryo kori rikaba ritozwa uku gukurikira :

-Kumapikipiki, ingendeshwa zifise amapine atatu canke ane zikoresha imoteri

1. Amapikipiki :

Ibihumbi cumi (10 000F)

2. Izifise amapine atatu cane ane zifise imoteri :

Ibihumbi mirongo ibiri (20 000F)

-Kungendeshwa n'ibindi bikoresho bifise uburemere bukurikire :

1. Muni y'ibilo 1400 : Ibihumbi mirongo itanu (50 000f)

2. Kuva kubilo 1400 gushika kubilo 2500 : Ibihumbi ijana (100 000F)

3. Kuva kubilo 2501 gushika kubilo 3500: Ibihumbi amajana atanu (500 000F)

4. Kuva kubilo 3501 gushika kubilo 9000: Umuliyoni (1 000 000F)

5. Kuva kubilo 9000 nokubirenga: umuliyoni n'amajana atanu (1 500 000F)

Iryo kori ririhwa bitarenze igenekerezo rya 31 Ntwarante buri mwaka.

Gucererwa kuriha iryo kori bihanishwa n'amande agera kubice 50 kw'ijana vongeweko 1 kw'ijana kuri burikwezi kwiyongeyeko.

Ikori kumodokari canke ipikipiki iguzwe uwo mwaka riharugwa hakurikijwe urwo rugero.

Ku ngendeshwa nshasha zikoreshejwe kuva kw'igenekerezo rya mbere Ndamukiza, iryo kori ririhwa imbere yokuyigendesha k'urugero rw'amezi asigaye y'umwaka w'amafaranga.

Hambavu yaho, ingendeshwa za Reta, iz'abaserukira ibihugu vyabo mu Burundi, iz'amashirahamwe mpuzamakungu, iz'amashirahamwe ategamiye Reta afitaniye amasezerano na Reta y'Uburundi mubijanye n'imirimo yabo cokimwe n'ingendeshwa zikoresha umuyagankuba ntibirabwa niyo ngingo.

Naho biri uko, iryo kori ririhwa kurugero rumwe kungendeshwa zose zunguruza abantu zifise ibibanza birenga 12 zikariha ibihumbi ijana (100

000F)

2. Gusubiza umushahara waronkejwe bidakwiriye:


ingingo ya 214 y'ibwirizwa risubiwemwo rigenga amafaranga Reta ikoresha Ataco bihinduye ku bindi bihano bitegekanijwe n'amategeko, uwakiriye umushahara wa Reta atabikwiye ahanishwa ihadabu ry'ibice ijana kw'ijana (100%) mugihe cokurishyirwa umushahara yaronse atabikwiye.

Naho biri uko, iyo ngingo irashobora kutaja mungiro mugihe hasubijwe umushahara wose wakiriye bidakwiye ugasubizwa mukigega ca Reta mumisi mirongo itatu ikurikira igihe watorwa.

3. Guhindura ico ibikoresho vyahebewe amakori n'amatagisi vyari bigenewe gukora : Ingingo ya 200 y'ibwirizwa risubiwemwo rigenga amafaranga Reta ikoresha

Guhindura igikorwa ibikoresho vyahebewe amakori n'amatagisi vyari bigenewe gukora bihanishwa kuriha amatagisi yari yahebewe hiyongeyeko ihadabu ry'ijana kw'ijana (100%).

Uwuhanihijwe iryo hadabu akurwa burundu k'urutonde rw'abaronka utwo turusho akarihishwa amatagisi yose yaramaze guheberwa.



Mbaza nkwishure...

1. Biravugwa yuko Reta yafashe ingingo ruhasha mukurwanya forode uko iri kwose, mubivugako iki?

Ego cane, Reta yarasubijeho agashimwe kuwariwe wese adomyeko urutoke abacisha ibidandazwa mukinywabi muntumbero yogutera intege abadomako abagira forode. Vyongeye, hisunzwe ingingo zijanye ningene amategeko akaurikizwa kuyerekeye amakori n'amatagisi, harategekanijwe ingingo yiharije iraba isuzuma ry'amakori n'amatagisi.

Iyo ngingo ikurikizwa ikibiriraho inyuma yuko hibonekeje ivyemezo bigaragaza ico caha kijanye na forode.

Imbere yogusozera iryo suzuma, hakorwa icegeranyo cemeza ko forode yabaye koko kigashirwako mukono n'umukozi w'ikigo OBR yahawe uburen-ganzira mukiringo kitarenga amasaha 24 kuva ico caha ca fofode kimenyekanye.

Amahadabu ajanye niyo forode ashingwa mukiringo kitarenze imisi itanu kuva aho icegeranyo cemeza iyo forode gishiriweko umukono. Amahadabu agengwa ningingo duhejeje kuvuga ategerezwa gushirwa mungiro ubwonyene biciye murwandiko rujanye n'amakori akongera akari-hwa naho hoba hasabwe iyungururizo.

2. Duheruka kwumva ko ibiciro vy'impapuro z'ingenzi bishingwa n'ibwirizwa. Harico mubivugako?

Ego cane, ibiciro vy'impapuro z'ingenzi bishingwa n'ibwirizwa risubiwemwo rigenga amafaranga Reta ikoresha mu ngingo yaryo ya 133 ku biciro bikurikira :

- Urupapuro rw'inzira rusanze : Ibihumbi amajana atatu y'amarundi (300 000F)
- Urupapuro rw'inzira kubw'akazi : Ibihumbi ijana na mirongo itatu n'amatagisi ibihumbi bitanu (135 000F)
- Urupapuro rw'inzira rw'imigenderanire : Ibihumbi ijana na mirongo itatu n'amatagisi ibihumbi bitanu (135 000F)
- Urupapuro rwa mureke arengane : ibihumbi mirongo itanu (50 000F)
- Ikarata ya CEPGL : Ibihumbi mirongo itatu (30 000F)

3. Biravugwa ko Reta ihimiriza iyinjizwa ry'ingendeshwa nk'ipikipiki, nizigendera kuma-

pine atatu zikoresha umuyagankuba canke zikoresha uburyo buvanze muntumbero yokugwiza amakori, aha mwotanga umuco?

Hisunzwe uturusho dutandukanye, mungingo ya 203 y'ibwirizwa risubiwemwo rigenga amafaranga Reta ikoresha, Reta yarakuyeko amatagisi kuyakore-shejwe n'itagisi ku nyongeragaciro TVA kwiyinjizwa y'ingendeshwa ziri muri uyo murwi.



Mbaza nkwishure...

1. Biravugwa yuko Reta yafashe ingingo ruhasha mukurwanya forode uko iri kwose, mubivugako iki?

Ego cane, Reta yarasubijeho agashimwe kuwariwe wese adomyeko urutoke abacisha ibidandazwa mukinywabi muntumbero yogutera intege abadomako abagira forode. Vyongeye, hisunzwe ingingo zijanye ningene amategeko akaurikizwa kuyerekeye amakori n'amatagisi, harategekanijwe ingingo yiharije iraba isuzuma ry'amakori n'amatagisi.

Iyo ngingo ikurikizwa ikibiriraho inyuma yuko hibonekeje ivyemezo bigaragaza ico caha kijanye na forode.

Imbere yogusozera iryo suzuma, hakorwa icegeranyo cemeza ko forode yabaye koko kigashirwako mukono n'umukozi w'ikigo OBR yahawe uburen-ganzira mukiringo kitarenga amasaha 24 kuva ico caha ca fofode kimenyekanaye.

Amahadabu ajanye niyo forode ashingwa mukiringo kitarenze imisi itanu kuva aho icegeranyo cemeza iyo forode gishiriweko umukono. Amahadabu agengwa ningingo duhejeje kuvuga ategerezwa gushirwa mungiro ubwonyene biciye murwandiko rujanye n'amakori akongera akari-hwa naho hoba hasabwe iyungururizo.

2. Duheruka kwumva ko ibiciro vy'impapuro z'ingenzi bishingwa n'ibwirizwa. Harico mubivugako?

Ego cane, ibiciro vy'impapuro z'ingenzi bishingwa n'ibwirizwa risubiwemwo rigenga amafaranga Reta ikoresha mu ngingo yaryo ya 133 ku biciro bikurikira :

- Urupapuro rw'inzira rusanze : Ibihumbi amajana atatu y'amarundi (300 000F)
- Urupapuro rw'inzira kubw'akazi : Ibihumbi ijana na mirongo itatu n'amatagisi ibihumbi bitanu (135 000F)
- Urupapuro rw'inzira rw'imigenderanire : Ibihumbi ijana na mirongo itatu n'amatagisi ibihumbi bitanu (135 000F)
- Urupapuro rwa mureke arengane : ibihumbi mirongo itanu (50 000F)
- Ikarata ya CEPGL : Ibihumbi mirongo itatu (30 000F)

3. Biravugwa ko Reta ihimiriza iyinjizwa ry'ingendeshwa nk'ipikipiki, nizigendera kuma-

pine atatu zikoresha umuyagankuba canke zikoresha uburyo buvanze muntumbero yokugwiza amakori, aha mwotanga umuco?

Hisunzwe uturusho dutandukanye, mungingo ya 203 y'ibwirizwa risubiwemwo rigenga amafaranga Reta ikoresha, Reta yarakuyeko amatagisi kuyakore-shejwe n'itagisi ku nyongeragaciro TVA kwiinjizwa y'ingendeshwa ziri muri uyo murwi.

